

RSV

Konsènan RSV

Ki sa ki RSV?

Viris respiratwa sensisyal (RSV) se yon virus respiratwa ki kouran ki lakòz òdinèman sentòm lejè ki tankou rim. Pifò moun refè nan yon semèn oswa de. RSV ka pi grav pou kèk gwoup moun. Moun ki nan gwoup sa yo gen plis risk pou yo bezwen entène lopital, menm si pi souvan sentòm yo ka jere lakay yo.

Kiyès ki gen pi wo risk pou devlope yon ka grav RSV?

Sèten gwoup granmoun ak timoun gen plis chans pou yo devlope yon ka grav RSV.

Granmoun

- Granmoun ki pi gran, sitou moun ki gen 75 an oswa plis
- Granmoun ki gen maladi kè oswa poumon kwonik
- Granmoun ki gen sistèm iminitè febli
- Granmoun ki déjà gen sèten lòt kondisyon medikal, tankou maladi ren oswa fwa, kondisyon newolojik oswa neromiskilè, maladi san, oswa dyabèt.
- Granmoun k ap viv nan mezon retrèt oswa nan sant swen dire long

Timoun yo

- Tibebe ki fèt anvan 37 semèn gwosès
- Tibebe jiska 12 mwa, sitou sa yo ki gen 6 mwa ak pi piti
- Timoun ki pokò gen 2 zan ki gen maladi poumon kwonik oswa maladi kè konjenital (prezan depi nesans).
- Tmoun ki gen sistèm iminitè febli
- Timoun ki gen twoub neromiskilè (maladi ki afekte fason sistèm nève a ak misk yo travay ansanm). Sa gen ladan timoun ki gen pwoblèm pou vale oswa rann larim poukont yo

Gade sitwèb CDC a pou plis enfòmasyon sou granmoun oswa timoun ki gen plis risk pou RSV grav.

Ki jan RSV transmèt?

RSV gaye nan fason sa yo:

- Si yon moun ki gen RSV touse, etènye, oswa mouche nen toupre w
- Touche, bo oswa bay yon moun ki gen RSV lamen
- Manyen sifas pataje yo oswa objè tou manyen pa yon moun ki gen RSV, tankou yon bouton pòt oswa jwèt.

RSV ka gaye byen vit nan espas ki klotire, ki pataje, tankou sant gadri, lekòl, mezon retrèt oswa kay ki gen anpil moun.

Ki konplikasyon posib RSV?

Nan timoun yo, konplikasyon ki pi komen nan RSV yo se bwonchylit (enflamasyon ti pasaj yo nan poumon) ak nemoni (enfeksyon nan poumon). Tibebe ki poko gen 12 mwa gen plis chans pou yo gen konplikasyon grav.

Nan grannmoun, RSV ka lakòz nemoni oswa mennen nan agravasyon pwoblèm medikal kwonik tankou opresyon, maladi pilmonè obstruktif kwonik (COPD), oswa ensifizans kadyak konjestiv (CHF).

Prevansyon ak Vaksen

Kouman mwen ka anpeche maladi viral tankou RSV?

Ou ta dwe swiv rekòmandasyon ki anba yo. Si ou gen yon timoun, ou ta dwe ede pitit ou a fè bagay sa yo:

- Kouvri touse ak etènye ou ak yon mouchwa oswa manch chemiz ou, pa men ou.
- Lave men w souvan ak savon ak dlo pou omwen 20 segonn.
- Evite kontak sere ak lòt moun. Sa gen ladann bay lanmen epi pataje tas ak istansil pou manje.
- Netwaye sifas yo manyen souvan tankou bouton pòt yo ak aparèy mobil.
- Si yon timoun nan pi wo nan gwoup risk mansyone pi wo a, konsidere limite tan pase nan espas ki gen anpil moun oswa pataje, tankou gadri, fè makèt oswa zòn fè makèt andedan kay la.

Konsèy prevansyon sa yo pral ede anpeche nenpòt maladi respiratwa, pa sèlman RSV, epi yo se bon pratik pou tout fanmi an.

Ki moun ki ka pran yon vaksen pou RSV?

Yon vaksen pou RSV apwouve pa Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) pou [granmoun ki gen laj 60 an oswa plis](#) ak [moun ki ansent](#).

Vaksen pou moun ki gen 60 an oswa plis

Èske mwen ta dwe pran vaksen RSV si mwen gen 60 an oswa plis?

Repons sa a depann de istwa medikal ou. Grannmoun ki pi gran ki gen sèten kondisyon gen plis chans pou yo gen maladi grav ki soti nan RSV. RSV ka pi grav pou kèk gwoup moun, ki mete yo nan risk pou yo entène lopital. Kondisyon ki ogmante chans pou maladi grav yo enkli:

- Maladi kè
- Maladi poumon
- Maladi ren oswa fwa
- Kondisyon newologik oswa neromiskilè
- Maladi san
- Dyabèt



- Iminokonpwomi
- Laj avanse (laj 75 ane oswa plis)
- Frajilite
- Moun k ap viv nan yon etablisman swen dire long.

Sitwèb CDC a gen plis enfòmasyon sou granmoun ki gen plis risk pou RSV grav. Vaksen RSV a diminye risk enfeksyon nan aparèy respiratwa enferyè tankou nemoni. **Si ou gen youn nan kondisyon ki anwo yo, ou gen plis chans pou w benefisyé vaksen an.**

Moun ki ansante ki gen laj 60 an oswa plis ki pa gen okenn nan kondisyon sa yo ka gen mwens chans pou yo benefisyé vaksen sa a paske yo gen pi ba risk pou yo gen yon enfeksyon grav RSV.

Efè segondè vaksen an ka gen ladan doulè nan sit piki a, fatig, doulè nan misk, ak tèt fè mal. Efè segondè ki pi grav yo ra. Gade [sitwèb CDC](#) pou plis enfòmasyon.

Li enpòtan pou ou konsidere benefis vaksinasyon an ak efè segondè yo. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou vaksen RSV a [isit la](#).

Si w gen plis kesyon, tanpri diskite sou yo ak founisè w la nan pwochen vizit ou a. Oswa pwogramme yon vizit vityèl pou w pale sou si vaksen an bon pou ou.

Ki kote mwen ka pran yon vaksen RSV?

Granmoun ki gen 60 an oswa plis ka pran yon vaksen RSV nan pifò famasi san preskripsyon.

Èske mwen ka pran vaksen sa a anmenmtan ak lòt vaksen mwen yo?

Yo ka bay vaksen RSV ak lòt vaksen pou granmoun, tankou grip ak COVID-19. Pou pasyan ki vle separe vaksen yo, ou ka tann 1-2 semèn ant vaksen yo tou.

Vaksen pou moun ansent

Èske mwen ta dwe pran vaksen an si mwen ansent?

Yon sèl vaksen RSV, Abrysvo, **rekòmande** kounye a pou tout moun ansent ki gen ant 32 ak 36 semèn ansent pandan mwa septanm rive janvye. Moun ki ansent yo ka resevwa vaksen sa a pou ede pwoteje tibebe yo apre akouchman an. Pou plis enfòmasyon, gade [sitwèb CDC](#) a.

Ki jan vaksen sa a ede pwoteje tibebe m kont RSV?

Lè yo bay vaksen an pandan gwochè la, vaksen an kreye antikò ki pase de manman an pitit. Sa yo pwoteje tibebe a kit yo tête oswa non. Yo ede tibebe yo konbat enfeksyon an apre akouchman an. Etid yo montre ke vaksen matènèl diminye risk entènè lopital pou ti bebe ki gen RSV depi nesans jiska 6 mwa. Tibebe ki fenk fèt yo pi byen pwoteje lè yo bay vaksen an omwen 2 semèn anvan akouchman an.



Kouman pou mwen konnen vaksen sa a san danje pou mwen menm ak tibebe mwen an?
Esè klinik yo te montre ke pa te gen okenn efè segondè grav nan manman ki te resevwa vaksen an oswa tibebe yo. Vaksen sa a sanble ak lòt vaksen.

Ki kote mwen ka jwenn Abrysvo?

Abrysvo sipoze disponib nan Mass General Brigham pou moun ki ansent otòn sa a. Tanpri tcheke avèk biwo OB ou a pou mande enfòmasyon sou disponiblite.

Moun ki ansent ka bezwen yon preskripsyon oswa otorizasyon alavans pou pran vaksen an nan yon famasi. Tanpri rele famasi ou a pou konfime ke yo gen Abrysvo. Pri a ka varye tou pa konpayi asirans. Tanpri rele konpayi asirans ou a si w gen kesyon sou pri.

Èske mwen ka pran vaksen sa a anmenmtan ak lòt vaksen mwen yo?

Yo ka bay vaksen RSV ak lòt vaksen pou granmoun, tankou grip ak COVID-19. Pou pasyan ki vle separe vaksen yo, ou ka tann 1-2 semèn ant vaksen yo tou.

Tretman preventif pou timoun yo

Mwen enkyete pou ptit mwen an pran RSV. Kisa ki disponib pou pwoteje ptit mwen an kont RSV?

Pa gen vaksen RSV pou timoun yo. Sepandan, gen de tretman antikò monoklonal - nirsevimab (Beyfortus) ak palivizumab (Synagis) - ki ka ede pwoteje ti bebe ak jèn timoun kont enfeksyon grav RSV. Antikò monoklonal yo pa vaksen. Yo bay yon lòt nivo defans kont enfeksyon RSV.

Nirsevimab (Beyfortus)

Si yon moun ansent pa pran vaksen omwen 2 semèn anvan akouchman, tibebe ki fèt la ka elijib pou resevwa nirsevimab (Beyfortus) apre nesans. Sa a aplike a tout tibebe ki poko gen 8 mwa nan premye sezon RSV yo. Kounye a, gen yon rezèv limite nirsevimab (Beyfortus) nan Massachusetts. Se poutèt sa, pou pwoteje tibebe w la sezon RSV sa a, nou ankouraje w pran vaksen an si w kapab fè sa.

Palivizumab (Synagis)

Palivizumab (Synagis) rezève pou timoun ki poko gen 24 mwa ki gen plis chans pou yo afekte pa RSV grav. Gen ladann:

- Tibebe ki fèt 35 semèn oswa mwens ak sis mwa oswa pi piti nan kòmansman sezon RSV ak
- Timoun ki poko gen 24 mwa nan kòmansman sezon RSV ki gen maladi kwonik nan poumon oswa kè.

Si w gen kesyon, ou ka poze ekip swen ptit ou a. Yo ka diskite pi bon opsyon pou tibebe w la. Pou plis enfòmasyon, gade [sitwèb CDC](#) a.



Sentòm yo

Ki sentòm maladi respiratwa e kisa mwen ta dwe fè?

Moun ki enfekte ak RSV anjeneral montre sentòm nan 4-6 jou apre yo enfekte. Sentòm yo anjeneral parèt nan etap pa toudenkou. Nan tibebe ki trè piti ki gen RSV, sentòm yo sèlman ka chimerik, diminye aktivite ak difikilte pou respire.

Sentòm Lejè – Swen sipò lakay ou

Ki sa sentòm lejè yo ye?

Sentòm lejè yo enkli nen koule larim, touseestènye, tikonjesyon, ak ti lafyèv. Ti lafyèv vle di:

- **Tibebe ki pokò gen twa mwa:** nenpòt tanperati ant 99 °F (37.2 °C) ak 100.4 °F (38 °C)
- **Tout lòt moun:** nenpòt tanperati ant 100.4°F (38°C) ak 102.4°F (39°C)

Oumenm oswa pitit ou a gendwa manke apeti men toujou bwè ase likid. Ou ka konnen si pitit ou a ap bwe ase likid selon konbyen fwa li pipi. Nan ti bebe ak timoun piti, sa vle di yon kouchèt mouye omwen chak 8 èdtan. Pou timoun ki gen laj 3 an ak plis ak granmoun, sa vle di pipi omwen yon fwa chak 10 èdtan.

Kisa pou m fè si mwen menm oswa pitit mwen an gen sentòm lejè?

Repoze, bwè anpil likid, epi veye sentòm yo. Nan pifò ka, oumenm oswa pitit ou a ta dwe kòmanse santi nou pi byen nan kèk jou.

Èske pitit mwen oswa mwen bezwen fè tès pou RSV oswa lòt viris?

Gen anpil virus respiratwa ki ka lakòz sentòm grip. Pifò ka RSV ak lòt virus disparèt poukонт yo nan 1-2 semèn. Piske sentòm RSV ak lòt virus respiratwa yo sanble ak COVID-19, oumenm oswa pitit ou a ka fè tès pou COVID-19 lakay ou. Si pitit ou a teste pozitif pou COVID-19, swiv [direktiv izolman CDC](#)yo. Si oumenm oswa pitit ou a gen sentòm lejè, li pa nesesè pou fè tès pou lòt virus.

Sentòm Modere - Rele ekip swen w lan

Timoun yo

Rele ekip swen pitit ou a si pitit ou a montre nenpòt nan sentòm sa yo:

- **Lafyèv:**
 - Nan tibebe ki pokò gen 3 mwa: tanperati plis pase 100.4°F (38°C)
 - Nan ti bebe ki gen plis pase 3 mwa ak timoun ki pi gran: tanperati ki depase 105°F (40.5°C), tanperati ki depase 102.4°F (39°C) ki pa reponn a medikaman pou diminye lafyèv, oswa lafyèv ki dire plis pase 3 jou.
- Ogmantasyon efò pou respire. Sa a gen ladan Irespirasyon kout, pa fon, ak twò rapid depase oswa espas ki genyen ant zo kòt yo efondre, oswa twou nen yo ouvè ak chak souf.
- Souf anlè (yon bri sifle lè I respire)
- Pa pran likid ak/oswa diminisyon pipi. Pou ti bebe, sa vle di pa mouye kouchèt pandan 8 èdtan. Nan timoun ki gen laj 3 an oswa plis, pa pipi nan 10 èdtan.
- Twòp fatig oswa dòmi twòp
- Doulè nan zòrèy oswa gwo gòj fè mal



- Devlope yon gratèl ki kouvri anpil nan kò a

Granmoun

Rele ekip swen ou a si ou devlope nenpòt nan sentòm sa yo:

- Gwo lafyèv - yon lafyèv ki depase 102.4 ° F (39 ° C)
- Tous grav
- Souf kout
- Souf anlè (yon bri sifle lè I respire)

Sentòm Grav - Ijans

Ale nan Depatman Ijans si oumenm oswa pitit ou a gen sentòm grav, tankou:

- Difikilte pou respire
- Arètman respirasyon pou 20 segonn oswa plis
- Pa kapab reveye oswa rete je klè
- Po, bouch, oswa anba zong tou pal, gri, oswa koulè ble, tou depann de ton po

Tretman

Eske gen tretman pou RSV?

Pa gen okenn medikaman espesifik pou tretman si oumenm oswa pitit ou a gen RSV. Antibiotik pa trete RSV. Pou ka grav yo trete nan lopital, oumenm oswa pitit ou a ka resevwa:

- Siplemen oksijèn
- Sewòm pou dezidratasyon

Oumenm oswa pitit ou a ka resevwa lòt medikaman tou selon lòt kondisyon medikal nou genyen yo.

Plis enfomasyon

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou RSV?

- [Viris Respiratwa Sensisyal \(RSV\): Sa Ou Bezwè Konnen \(massgeneral.org\)](#)
- [Konsèy pou Anpeche RSV \(massgeneral.org\)](#)
- [RSV nan Tibèbe ak Jenn Timoun | CDC](#)
- [RSV nan Granmoun Aje ak Granmoun ki gen Kondisyon Medikal Kwonik | CDC](#)

Mizajou: 3 novanm 2023

